ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№126 (23.940) ● 2019 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 19, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ К. В. хэтащ Бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэм зегъэужьынымкIэ советым и зэIущIэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и деж Бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэм зегъэужьынымкIэ щыIэ советым Сочи къалэм щригъэкIуэкIа зэIущIэм. Ар къыззрагъэпэщащ «Бжыгъэхэр зи лъабжьэ ди къэкIуэнум дызэрепльыр» урысейпсо зэхыхьэшхуэм хиубыдэу.

СОВЕТЫМ и зэIущIэм къыщIэтащ бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэм пыщIа Iуэхухэр, а лжьыгъэр щIыналъэхэм зэрыщекIуэкIыр, мы Iуэхущ1эр къалэ хозяйствэхэр зехьэным ехьэлIауэ къызэрагъэсэбэпым, бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэр зэтегъэувэным теухуа лъэпкъ проектыр гъэззэщIа хъун папщIэ зыхуеину хабзэ мардэхэр зэрагъэхьэзырыр. Зэ1ущIэм хэтащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и Унафэщlым и къуэдзэ Турчак Андрей, Урысей Федерацэм псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Якушев Владимир, Урысей Федерацэм бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымкIэ, цIыхубз коммуникацэхэмкIэ и министр Москов Константин, Урысей Федерацэм и субъектхэм я Iэтащхьэхэр, властым и федеральнэ органхэм, бизнесым я лIыкIуэхэр, информатизацэмкIэ эксперт нэхъ цIэрыIуэхэр.

Къэпсэлъэхэм гулъытэ хэха хуащIащ медицинэмрэ егъэджэныгъэмрэ екъэлIауэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ иджырей системэхэм яIэ мыхьэнэм, мы Iуэхур псэупIэ-коммунальнэ комплексым къыщыгъэсэбэпыным, къалэхэр зэIуэзэпэщ щIыным хуэгъэзауэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэм и иджырей инфраструктурэр зэтегъэувэным икIи абы папщIэ хэкум щащI телекоммуникацэ Iэмэпсымэхэр къэгъэсэбэпыным.

- Къалэхэмрэ адрей жылагъуэхэмрэ зэIуэзэпэщ щIынымкIэ япэ игъэщIипхъэхэм ящыщщ, - къыхигъэщхьэхукIащ Турчак Андрей, - пщIантIэхэр зыхуей хуэгъэззэнымкIэ комплекс программэхэр щIынальэхэм щыгъэззэщIэныр. «ЦIыхухэр псом япэу зытегъэзэвыхьыр езыхэр щыпсэу щIыпIэм и щытыкIэрщ, унэм къыщIэкIа нэужь зыдыхьэ пщIантIэрщ, абы щекIуэкIэрщ. А Iуэху псори муниципалитетхэм я пщэ дэплъхъэ къудейкIэ зэфIэкIынкъым. Дэ псори дыщыгъуазэщ муниципалитетхэр ахъшэкIэ нэгъэсауэ къызэрызэмыгъэпэщам. Абы къыхэкIыу дэри мы Iуэхум жыджэру дыхэтын хуейщ, сыту жыпIэмэ ар къыгуэхьпIэ имыIэу пыщIащ цIыхухэм я псоукIэм», - жиIащ абы. Зэ1ущIэм хэта губернатор куэдым апхуэдэ Iуэху еплъыкIэр даIыгъащ.

«Урысей Федерацэм бжыгъэхэр зи лъабжьэ и экономикэ» лъэпкъ проектым хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым абы и гуэдзэн программэу 6 щагъэзащIэ. Апхуэдэщ «Информацэм и инфраструктурэ», «Бжыгъэхэр зи лъабжьэ экономикэм папщIэ кадрхэр», «Информацэ шынагъуэншагъэ», «Бжыгъэхэр зи лъабжьэ лэжьыгъэр зэрызэблагъэкI мардэхэр», «Бжыгъэхэр зи лъабжьэ къэрал зехьэкIэ», «Бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиехэр» унэтIыныгъэхэр. Абыхэм япкъ иткIэ республикэм социальнэ мыхьэнэ зиIэ и Iуэхущ1анIэу 172-рэ псынщIэу лажьэ сетхэм падзэнущ, бжыгъэхэр зи лъабжьэ лэжьэкIэм сабийхэр щыхуагъасэ комплексхэр къызэIуахынущ, пассажир транспортым кIэлъыплъ автоматикэ системэ зэтрагъэвэнущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

Зэман нэхъ кIыхьым тещIыхьа мурадхэр

● КъБР-м и Правительствэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl Мусуков Алий дыгъуасэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм министрхэм я кабинетым хэтхэм кредитхэмрэ инвестицэ стратегиемрэ я теухуа унафэхэр къыщащащ, къэрал программэхэм зэрелэжь щIыкIэр зэрахъуэкIащ икIи апхуэдэ программэу тIум щIэуэ хэпльащ.

КъБР-м и Правительствэм и унафэкIэ къащащ республикэ бюджетым хущыщIэр ирагъэкъужьын папщIэ федеральнэ бюджетым и кредитхэр къеIыхьынымкIэ зэгурыIуэныгъэм и гуэдзэ зэгурыIуэныгъэщIэ. Апхуэдэу КъБР-м и Правительствэм и унафэкIэ щэкIуэгъуэм и 1-р федеральнэ законым тету къэрал кадастр лэжьыгъэр щрагъэжьэн хуей пIалъэу.

Правительствэм и зэIущIэм апхуэдэу къыщащащ КъБР-м и къэрал программэхэр зэрызэхалъхьэ, зэрагъэзащIэ, абыхэм къахь сэбэпыныгъэр къызэралъытэ щIыкIэм халъхьэ зэхуэкIынигъэхэр.

Инвестицэ стратегиер зытещIыхьа пIалъэр 2034 гъэм щегъэжьауэ 2040 гъэм нэсу ягъэIапхъуащ. А щIыкIэм тету ар стратегие планхэм, къапщтэмэ, КъБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и стратегиемрэ зэман кIыхькIэ зыхуэплъэ экономикэ Iуэхухэмрэ ирагъэззэгъыжащ.

Правительствэм хэтхэм 2021 - 2025 гъэхэм я тещIыхьауэ «КъБР-м мэкъумэш хозяйствэм зыщегъэужьныр, мэкъумэш продукцэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр щызэблэгъэкIынныр», «КъБР-м узынщагъэр хъумэным зыщегъэужьныр» къэрал программэхэр, 2019 гъэм фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховании эмкIэ щIыналъэ фондым и бюджетым халъхьэ зэхуэкIынигъэхэмкIэ законым и проектыр къащтащ. ЗэхуэкIынигъэхэр документым щIыхалъхьэм и щхьэусыгъэуэр нэгъэщI щIыналъэхэм щыпсэу цIыхухэм ди республикэм щыIэ медицинэ Iуэхущ1анIэхэр зэреIэзэм папщIэ къыхуаутIыпщ бюджет зэхуаку трансфертхэр нэхъыбэ зэращIарщ, псори зэхэту къагъэсэбэп ахъшэм зэрыхэхъуарщ. Мы Iэнатlэм и страховой гъэтIылъыгъэхэри сом мелуани 6-рэ мин 273-кIэ нэхъыбэ ящIыну я мурадщ, медицинэм и лэжьакIуэхэм я щIэнигъэм хэгъэхьуэным, зыхуеину Iэмэпсымэхэр къэщэхунымрэ зэгъэпэщыжьынымрэ трагъэкIуэдэн папщIэ.

КъБР-м лжьыгъэмрэ социальнэ дэIепыкъунигъэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Асанов Алим зэIущIэм зэрыщыжиIамкIэ, диспансеризацэм хиубыдэу я узыншагъэр кърагъэпщытэн папщIэ сымаджэщхэм мыкIуэфэ цIыхухэр езышэлIэну бригадэхэм я бжыгъэм хагъэхъуащ. Социальнэ дэIепыкъунигъэмкIэ алхуэдэ Iуэхутхьэзэр къызэрызэрагъэпэщыну автомашинэу иджыри къэс тIу фIэкIа ямыIамэ, федеральнэ властхэм республикэм аргуэру автомашинэу плIы къратынущ икIи ахэр республикэм къыIэрыхьэн хуейщ дыгъэгъазэм и 1-м фIэмыкIыу.

БЕЛЫХ Наталье.

● Шэджэм щIыналъэ

ЩIымахуэм хуогъэтIылъа

Шэджэм щIыналъэм уэфIу екIуэкI дэтхэнэ зы махуэри губгъуэ лэжьыгъэм къыщIихуагъэсэбэп.

ЖЭПУЭГЪУЭР къызэрихьэрэ мэкъумэш Iэнатlэхэм гъоми зэхэту гектар мини 8-м нэсым къыщрахьэлIэжащ нартыхур. Ар хасам и процент 60 мэхъу икIи зы гектарым хуэзэу ику иту центнер 55-м нэблагъэ къытрах.

Мэкъумэшыщ1эхэм зэрыжаIэмкIэ, гъавэр ипэ ита илъэсым нэхърэ нэхъ бэв хуэщ. Абыхэм щIэуэ кьежьэ Iэмалыщ1эхэм зыщагъэгъуазэ, агротехникэ и лъэныкъуэкIи бэлэрыгъыркъым.

Мы зэманым хозяйствэхэм гъавэр къызытрахыжа щIыр явэ, бжьыхьэсэр кърахьэлIэж, щIымахуэм Iэщым ирагъэшхыну Iусыпхъэхэр ягъэхьэзыр. КъызэралъытэмкIэ, силосрэ мэкъумылэу яIэм хъарзынэу гъэ щIигъэкIынущ. Iусыпхъэ зэмылIэужьыгъуэу нобэкIэ ягъэтIылъащ тонн мин 39-м нэблагъэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Дзэлыкъуэ щIыналъэ

«Псынэдахэ» колхозым

«Псынэдахэ» мэкъумэш Iэнатlэм бжьыхьэсэр къызыхуэтыншэу кърихьэлIащ.

БЖЬЫХЬЭСЭ гуэдзыр гектар 600-м нэсым щыхасащ, нэхъыфIхэм ящыщу къалъытэ «Адель» жылапхъуэ. Хьэпцийуэ хасари гектари 120-м щIегъу. Сэгъуэм къыдэкIуэу щIым елэжьащ азот-фосфор щIыгъэпшэрэмкIэ.

IэщlагъэлIэхэм зэрыжаIамкIэ, бжьыхьэсэм зыхуеинум хуэдиз уэшхыпс игъуэтащи, гъавэр бэв хъун хуейщ.

«Псынэдахэ» колхозым хъарзынэу къьхъуIащ гъавэ Iуэхыкьри. Мы гъэм сэхурану гектар 380-рэ кърахьэлIэжащ, зы гектарым хуэзэу центнер 32-рэ къытрахыу. Ар мащIэкъым.

Апхуэдэу кIэрыхуншэу кърахьэлIэжащ силосыпхъэу къагъэсэбэп нартыху гибридри. МэкъумэшыщIэхэм иджырей агротехникэ Iэмалхэр сыткIи къызэрагъэсэбэпым я Iуэхур ирегъэфIакIуэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.



Къэшэж Иннэ и гуащIэм траухуэ

Налшык къалэм Тхылъыр фIыуэ зылъагъэхэм я зэгухьэныгъэм и хэщIапIэм пэгъунэгъуу къыщыщIэуахащ адыгэ усакIуэ телъыджэ, зэдзэкIакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Къэшэж Иннэ и гуащIэм теуха арт-объект. Къэбэрдей уэрамым триухуа и усэр тхылъ теплъэ зиIэ скульптурэу абдежым щагъэуващ.

АРТ-ОБЪЕКТЫР къызэIуаха нэужь, абы тет усэм кърихьэлIэхэм къахуеджащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Къумахуэ Мухьэдин**.

Лжьыгъэр ягъэхьэзыращ скульптор цIэрыIуэ Гъущlапщэ Арсен и нэIэм щIэту. Проектыр зэдгъэззэщIащ. Тхылъыр фIыуэ зылъагъуэхэм я зэгухьэныгъэм и гуащIэм теуха **арт-объект**. Къэбэрдей уэрамым триухуа и усэр тхылъ теплъэ зиIэ скульптурэу абдежым щагъэуващ.

АРТ-ОБЪЕКТЫР къызэIуаха нэужь, абы тет усэм кърихьэлIэхэм къахуеджащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Къумахуэ Мухьэдин**.

Лжьыгъэр ягъэхьэзыращ скульптор цIэрыIуэ Гъущlапщэ Арсен и нэIэм щIэту. Проектыр зэдгъэззэщIащ. Тхылъыр фIыуэ зылъагъуэхэм я зэгухьэныгъэм и гуащIэм теуха **арт-объект**. **Къэбэрдей уэрамым триухуа и усэр тхылъ теплъэ зиIэ скульптурэу абдежым щагъэуващ.** Шинкарёвэ Натальерэ жылагъуэ лэжьакIуэ **Къаръ Ратмиррэ**, Къэшэж Иннэ къызэралъхурэ илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу. Скульптурэр ягъэуващ республикэм исхэм я ахъшэ зэхэдзэр, КъБР-м Граждан зэгухьэныгъэхэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ институтхэм ядэлэжьэныкIэ и министерствэм ирагъэкIуэкIа зэпеуэм Тхылъыр фIыуэ зылъагъуэхэм я зэгухьэныгъэм къыщихьа ахъшэ саугъэтыр щIыгъуу къагъэсэбэпри.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КIагуэ Джульеттэ Владислав и пхъур Шэджэм суд районым и суд участкэ №93-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум гъэувным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуж судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. КIагуэ Джульеттэ Владислав и пхъур Шэджэм суд районым и суд участкэ №93-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум илъэсищ пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м
№29-П-П

Льэпщокъуэ Хъусен Сэхьнун и къуэр Аруан суд районым и суд участкэ №93-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум гъэувным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуж судыщIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Льэпщокъуэ Хъусен Сэхьнун и къуэр Аруан суд районым и суд участкэ №93-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм и къулыкъум илъэсищ пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м
№30-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм зэхъуэкIынигъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Кансаевэ Еленэ Идрис и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым хэгъэхьэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Кебеков Владимир Сафарбий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Ухуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым хэгъэхьэн.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Парафилов Дмитрий Валерий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, инновацэ зыужьыныгъэмрэ хьэрычэт Iуэхумкlэ и комитетым хэгъэхьэн.

4. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м
№32-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым и унафэщIыр хэхьыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым и унафэщIыр хэхьыным Кансаевэ Еленэ Идрис и пхъур.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м
№33-П-П

2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэззэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчётым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэззэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчётым хэпльауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къегъэльагъуэ хэхъуэхэмкIэ сом мин 34695396,3-рэ хъу илъэс планыр сом мин 15593855,2-кIэ е илъэсым тещIыхьауэ процент 44,9-кIэ, абыхэм ящыщу федеральнэ бюджетым къыхэкIыу къалэрыхьэн хуей хэхъуэу сом мин 11674280,8-рэ хъумкIэ сом мин 5714713,3-кIэ е процент 49-кIэ гъэззэщIа зэрыхъуар. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым хэщIэмкIэ сом мин 34686483,0-рэ хъу илъэс планым щыщу сом мин 146233310,4-рэ е процент 42,2-рэ къагъэсэбэпащ икIи абы ипкъ иткIэ отчёт лъэхъэнэм профицитыр сом мин 970544,8-рэ мэхъу.

А псоми япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэззэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищIа отчётыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ.

Налшык къалэ
2019 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м
№36-П-П

● Фестиваль

«Шынагъуэншэ къалэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым иджыблагъэ щекIуэкIащ УФ-м и Лъэпкъ гвардием илъэс къэс кьыхэзыгъэпэщ фестивалым и щыналъэ Іыхьэр. Абы кърихьэлIат республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм, курыт школхэм, ХьэтIохъущыкъуей кьуажэ дэт кадет школым я гъэсэнхэр, «Урысейпсо цIыхубэ фронтым» и лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

ФЕСТИВАЛЬР кьызэIуихащ Урысей гвардием КъБР-м щIэ къудамэм и унафэщIым и кьуэдзэ, полицэм и полковник ХьэщIэмыз Заурбэч.

- Согугъэ Лъэпкъ гвардием и дзэм теухуауэ щIэщыгъуэ куэд нобэрей зэIущIэм кьыщыфщIэну. Языныкъуэхэми Іэщlагъэ кьыхэхьынымкIэ фестивалыр дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуну кьысщохъу, - жиIащ абы хьэщIэхэм защыхуигъаазэм.

Фестивалым хэтахэм зыщагъэгъуэзащ кинологхэм, саперхэм, кхъухьлъатэзехуэ хуэмыныкъуэ кхъухьлъатэхэм я лэжьыгъэм, дзэр зэрызэщIэуэздза я Іэщэ-фащэм. Урысей гвардием и лэжьакIуэхэр тепсэлъыхьащ управленэм кьепха еджапIэ нэхъыщхьэхэм уэзрыщIэхуэну Іэмалхэм, езыхэм я пщэ кьыдэхуэ кьалэнхэм, нэгъуэщIхэми.

СОБР-м и «Іуащхьэмахуэ» медицинэ къудамэм и лэжьакIуэхэм хьэщIахэм ирагъэлъэгъуащ «дэIэпыкъуэгъу псынщIэм» зи къупщхьэ къутам, уIэгъэ хуэахэм хуащIэфыр.

КъищынэмыщIауэ, фестивалым щекIуэкIащ Росгвардием игъэзащIэ лэжьыгъэм теухуа сурэт гъэльэгъуэныгъэ.

Махуэр игъэдэхащ Звёздныэ жылэм щыIэ дзэ частым и оркестрымрэ ХьэтIохъущыкъуей кьуажэм дэт кадет школым и гъэсэнхэмрэ ягъэхьэзыра концертым.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Гъуэгу къежьапIэ

ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я зэхуэс

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щызэхэтащ Урысейм и Ипщэ лъэныкъуэм и щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я 10-нэ зэхуэсышхуэ. Абыкlэ хъыбар кьыдигъэщIащ еджапIэ нэхъыщхьэм и пресс-Іуэхущlапlэм.

КАВКАЗ Ищхьэрэ, Ипщэ федеральнэ округхэм, Москва кьалэм, апхуэдэу нэгъуэщI щIыналъэхэми кьыкIа аспирант, магистрант, студенти 100-м щIигъу хэтащ семинар, мастер-класс зэхуэмыдэхэм, апхуэдэу УФ-м щылажьэ щIэныгъэ программэхэм зэрыхэтыну щIыкIэхэм щIалэгъуалэр щыгъуазэ щащIа зэIущIэхэм.

НыбжьыщIэхэм гурагъэIуащ «ЩIэныгъэ» лъэпкъ проектым хэтын, щIэныгъэ-техникэ проектхэр кьыхалъхьэн папщIэ ящIэн хуейкэр. Абыхэм кьищынэмыщIауэ, технико-экономикэ и лъэныкъуэкIэ езыхэм я проектхэм лъабжьэ хуащI хъунухэм ятеухуа чэнджащхэри ираташ.

Спикер кьалэнхэр игъэзащIэу зэIущIэм хэтхэм епсэлъыпIащ УФ-м ЦIыхухэр егъэджэныкIэ и министерствэм, РНФ-м, РФФИ-м, Сколковэ, Бортник и цIэр зезыхьэ фондхэм, Лъэпкъ технологие хьэрычэт Іэнатlэм я Іэщlагъэлхэр. Зэхуэсым кьыщыпсэлъа, КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я лэжьыгъэхэм яхуэфащэ гупсыпэ ягъэуэтыну ехьуэхъуащ. Апхуэдэу кьыхигъэщащ мыпхуэдэ зэхуэсхэр цIыхущIэ зрагъэцIыхун, я гупсысэхэмкIэ зэхъуэжэн, я щIэныгъэм хагъахъуэн и лъэныкъуэкIэ зэрыIуэху щхьэпэр. Еджапlэ нэхъыщхьэм и проректор Хьэшыр Светланэ зэрыжиIамкIэ, кьызэгъэпэщакIуэхэр хущIэхуащ форумым хэтхэм сэбэп яхуэхъун хуэдэу, щIэныгъэ и лъэныкъуэ псори кьыхэщIрагъэубыдану.

- ЗэIущIэр мыхьэнэ лъагэ зиIэ Іуэхугъуищу зэхэтщ: щIэныгъэм и фестивалщ, форумыр илъэсипщI ирокъу, инновацэхэр кьыщыхалъхьэ утыкущ. Сыхуейт кьыхэзгъэщыну иджыпсту щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр дыззримащIэр. Ар гъэзэкIуэжьын хуей Іуэхугъуэщ. Мыпхуэдэу ухуа зэхыхьэхэр сэбэпщ щIэ гуэр зэхэпхыным и мызакъуэу, езыхэр уэзрыщIыхьнымкIи. Апхуэдэ зэIущIэр зы Іуэхущхуэ гуэрым лъабжьэ хуэхъункIэ хъунущ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэ.

Зэхуэсым и практикэ Іыхьэр жэпуэгъуэм и 11-м щегъэжьауэ и 13 хъуху щекIуэкIащ КъБКъУ-м Іуащхьэмахуэ лъапэ щIиэ егъэджэныгъэ-щIэныгъэ базэм.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Нэхъыжьхэм я пщIэр кIуэдыркъым

Ветеранхэм я Налшык къалэ Советым егъэджэныгъэм гуащIэшхуэ хэзылъхьа ди нэхъыжьхэр щагъэлъэпIащ.

НАЛШЫК дэт лицей №2-м щеджэ цIыкIуэм илъэс епщIанэ хъуауэ мыпхуэдэ зэхьхьэ ирагъэкIуэкI. НыбжьыщIэхэм нэхъыжьхэм къадэгъэзгурыкIуа уэрэдхэр ягъэзащIэ, усэхэм кьоджэ. Езы нэхъыжьхэри жьджэру хэтщ пшыхьым - я концерт щхьэхуэ ягъэлъагъуэ, сабийхэм йопсалъэ Хэкум, мамырыгъэр хъумэным теухуауэ. ЕгъэджакIуэхэм жаIэ нэхъыжьхэм щIэблэмрэ зэрызэхуэзэм, зэрызэпсалъэм ныбжьыщIэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Щапхъэ

Дызэрыгушхуэ ди къуажэгъу пщащэ

Хьэвжокъуэ Людмилэ псалъэм пщIэ хуэзыщI, гупсысэ дахэхэр зиIэ усакIуэ, тхакIуэ набдзэгубдзаплъэщ. Ар къыщалъхуари щапIари Чернэ Речкэ жылагъуэрщ.

Хьэвжокъуэ Людмилэ

«ГЪАЩIЭМ улъэщIэмыхьэу псынщIэу макIуэ» жыхуаIэр пэжщ. Дыгъуасэ хуэдэщ Людмилэ етхуанэ классым щIэсу щезгъэджар. Абы щыгъуэми и гупсысэкIэкIи, и жагъакIи, и Іущагъкlи адрейхэм кьахэщу апхуэдэт, адыгэбзэмкIэ классым диктант щезгъэтхкIи щыуагъэ хищIыхьыртэкъым.

Людмилэ еханэ классым щIэсу арат гъатхэм теухуа и яп уэсэр «Нур» сабий журналым кьыщытехуам. И гупсысэр кьызэрыIуатэмкIэ, и псалъэухахэр зэриухуэ щIыкIэмкIэ, кьиргъэсабэп Іэмалхэмкlэ наIуэт абы усакIуэ нэс кьызэрыхэкIынур.

Еджапlэ нэхъыщхьэр кьызэриухрэ Людмилэ Хьэвжокъуэ-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым щолажьэ: къэбэрдей литературэмкIэ къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьщ, бэзэшIэныгъэмрэ литературэмрэ джыныкIэ кафедрэм и унафэщIщ. Абыхэм кьащIэныгэмыщIауэ, 2013 гъэм щегъэжьауэ ар «Іуащхьэмахуэ» журналым публицистикэмкIэ и къудамэм и редакторщ, журналым и редколлегиеми хэтщ. А илъэс дыдэм уваУэ Кавказ Ищхьэрэм Гъуазджэхэмкlэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щрегъаджэ.

И ныбжьым емылъытауэ, адыгэ литературэм, щэнхабзэм, щIэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ Людмилэ. Абы и Іэдакъэ кьыщIэкIащ лъэпкъым, бзэм, лъагъуныгъэм теухуа усэхэр, прозэ тхыгъэхэр. Ахуэ щIэх-щIэхуэныгъэ кьытохуэ ди республикэм кьыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ. Илъэс 24 ныбжьым иту филологие щIэныгъэхэм я кандидат хъуауэ щытащ ар. 2012 гъэм Людмилэ кьыдигъэкIащ «Бещтокъуэ Хьэбас и дунейр» зыфIища монографиер (урысибзэкIэ), 2014 гъэм абы кьыкIэлъыкIуащ «Бемырзэ Мухьэдин и усыгъэ дунейр» тхыльыр. НобэкIэ Хьэвжокъуэм Кавказ зауэмрэ Истамбылкlэмрэ адыгэ литературэм кьыщыгъэлъэгъуажа зэрыщыхъуар къехутэ.

Людмилэ зыми емыщхь и хъэтIыр ноби къэсцIыхуу апхуэдэщ. И Іэм кьыпыкI дэтхэнэ зы сатырми сримыгуфIэу, сримыгушхуэри кьанэркъым. Зэи сигу ихуэныкъым абы «Гухэль налъэ» зыфIища и усэ тхылым хъуэхъу псалъэхэр схутритхэу сэ япэу кьыщызитауэ щытар.

ЩIымахуэ щIыIэм и ужькIэ кьыкъэкIа ГъатхэгъэIуэ щIыхуэм щытепсэкIэ псэм зэрыфIэIэфIым, зэрыфIэдахэм хуэдэущ, дэ, и кьуажэгъуэм, Людмилэ кьызэрытщыхъур. Ар ауэ сытми тхакIуэ, усакIуэ, литературэдж, егъэджакIуэ кьудейкъым. АтIэ абы и лэжьыгъэкIи, и Іуэхущlафlэкlи и сэбэпынагъ цIыхум иригъэкIыу, лъэпкъым хуэщхьэпэн Іэху илэжьу апхуэдэщ. Езыри и хьэлкIи, и щэнкIи зэкIужщ, сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэ зытепх хъун пщащэщ.

Зыпэрыт лэжьыгъэ мытыншым гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ кьриту, лъэпкъыр игъэгуфIэу, и ІуэхуefIакIуэу, гъащIэ дахэ ирихьэкIыну дыхуохъуахъуэ Людмилэ.

МЕДАЛЫ Зое.

● Бахъсэн щIыналъэ

Урысейпсо зэпеуэм къыщыхожанымкI

Бахъсэн щIыналъэм и еджакIуэхэр пашэ щыхъуащ сурэт щIынымкIэ «Театр - дети» урысейпсо зэпеуэм.

МЫ МАХУЭХЭМ «Артек» МДЦ-м и Суук-Су уардзунэм щагъэлъэпIащ сурэт щIынымкIэ театрым теухуа урысейпсо зэпеуэмрэ театр реценззэхэмкIэ «Пишем о театре» къэралпсо зэхьэзэхуэмрэ щытекIуахэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIэкIэ зэпеуэм екIуу зыкъыщагъэлъэгъуащ Къулъкъужьын Ищхьэрэ кьуажэм Къыл Мухьэмэд, и цIэр зарихьэу дэт, Гъуазджэхэмкlэ сабий школым и гъэсэн Дыджэ Аланрэ («Театрым теухуа сурэт» унэтIныныгъэм) ХьэтIохъущыкъуей кьуажэм и курыт еджапIэ №91-м щIэс Афэщlагъуэ Сабинэрэ («Театрым дытотхыхь!» унэтIныныгъэм). Ахэр щытекIуащ щIынальэ Іыхьэм.

Урысейм и щIыпIэ 72-м щыщ ныбжьыщIэ 3000-м щIигъуэ зэхьэзэхуэм хэтыну лъэIу тхылъхэр ягъэхьащ. Абы и иужьрей Іыхьэм ныбжьыщIэ 210-рэ хэтащ икIи «Артек» лагерым щыIащ.

ТекIуахэр щагъэлъапIэ махуэм Суук-Су уардзунэм махуэ псом щылэжьащ сурэт щIынымкIэ театрым теухуа урысейпсо зэпеуэм щытекIуахэм я лэжьыгъэхэр зэхьэзэхуэм хэтыну лъэIу тхылъхэр ягъэхьащ. Абы и иужьрей Іыхьэм ныбжьыщIэ 210-рэ хэтащ икIи «Артек» лагерым щыIащ.

Текlуахэр щагъэлъапIэ махуэм Суук-Су уардзунэм махуэ псом щылэжьащ сурэт щIынымкIэ театрым теухуа урысейпсо зэпеуэм щытекIуахэм я лэжьыгъэхэр зэхьэзэхуэм хэтыну лъэIу тхылъхэр ягъэхьащ. Абы и иужьрей Іыхьэм ныбжьыщIэ 210-рэ хэтащ икIи «Артек» лагерым щыIащ.

Ныбжьыщlэхэр зэIущIэм и ныбжьыщIэ 3000-м щIигъуэ

● Мечиев Кязим къызэралъхурэ илъэси 160-рэ ирокъу

Нэхурэ фIыгъуэрэ, лIыгъэрэ къабзагъэрэ

Кязим... Нэхурэ фIыгъуэрэ, лIыгъэрэ къабзагъэрэ хыболъагъуэ а цIэ кIэщIым. Абы и деж къыщыщIедзэ балъкъэрхэм я тхыбзэм.

МЕЧИЕВ Кязим 1859 гъэм Хъолам-Бзэенги къуэм дэс Шыкъы къуажэм, Кавказыкум къыщалъхуащ. Азие Курытым щыIэ Къэзахъстаным и Талды-Курган областым хыхьэ Тельман къуажэм 1945 гъэм дунейм щекIожащ. ПIэщIыгъуэ зыбжанэ къызэщIэзыубыдэ балъкъэр пIэлъэкъым и тхыдэмрэ и гъащIэ щIэращIэмрэ изэгъащ а пIаIэ кIэщIым. Мечиевым и усэхэр бзэ куэдкIэ щызэрадзэкIащ. Лъэпкъым къытепсыхэ бэлыхьхэр абы и гум пхигъэкIырт:

Гуауэр тезщ дунейм, гуфIэгъуэр - закъуэтIакъуэщ,
Насып кIуапIэр сэ къыскуэгъуэтакъым.
Бэлыхьу щыIэр си псэм тегъуэлъхьащ.
Кязим куэд щIауэ ялэщIэтт абыхэм.
Хьэрыпми бгырысми я нэхэм
ГухэщI нэпсхэр къыщIоувэ, зэхэгъэж ямыщIу,
Тхьэмыщкlэ псоми сигу ящIогъу сыщеплъкIэ.

Кязим и усэхэм я къарур мылIэжныгъэм къыIахри псэм трагъэлажьэ, тхылъеджэм и гум хэзкIуэ гъузгу нэхъ кIэщI дыдэм тоувэф ахэр. Хэт абы и усыгъэм псэ хэзылъхьэр, дамэ къытезыгъакIэр, мыкIуэдыжьын дунейм и куэбжэкэр яхуIуэзыхыр? Ди дежкIэ ар щэхущ. Шэч хэлъщ ар зэгуэр къызэIутхыфынуми. ИгъащIэкIи къыпхуэмылэтын нэщыпхъуэ гуэр ятелъынущ абы и усэхэм сыт щыгъуи.

А усэхэм уи закъуэу уакъыбгъэдэнэху, укъоуIэбжь: «Хьэуэ, цIыхум мыпхуэдэ хуэтхынукъым». А псалъэхэр уафэм къраIущэщэкынкIи хъунущ, усакIуэм мелыIычхэр къащыдежьукIэ, е вагъуэзэм зэхалъхьэнри хэлъщ.

Кязим, малъхъэдисым ещхьу, щIылъэм и инагъымрэ дунейм и кууагъымрэ къызэщIеубыдэ. Абы и псалъэм и мыхьэнэр кхыбгурыIуэн папщIэ, зыгуэрым ухуеджэн хуейкъым. Зыгуэрым уригъасэрэ уэздыгъеI мэзхэм ущIэту бгыщхь хьэуар жьэдэпшэу? Абы итхам укъыщеджэкIэ, жэнэт бзуэкъи я макъыр щымыIуж уэздыгъеI мэзым щызэхыбох:

Лъагэщ ди къуршхэр,
Аращ бийхэр щIэкуэдыр.
Иралъагъу къыдэуэхэр,
ЦIыхуцIэ зэрызетхэр!
ЩIым нэхърэ мывэр нэхъыбэщ,
Ди ерыскъыри машIэщ,
ИтIани, жьэгум мафIэ дэлъщ,
ЦIыхуцIэ зыдохьэ.
Къыддэхуэкъым мылъкуи былыми,
ЦIыхуи дыхуэныкъуэщ,
Ауэ псэм псори ешэч,
ЦIыхуцIэ зыдохьэри.

Иремащlэ ем дызэрыпэщlэт къарур,
Ди лъы гуащIэр къокъуалъэ,
Бийми гугъуехьми дыщышынэркъым,
ЦIыхуцIэ зыдохьэ дэ.
КIыфIыгъэм хэтщ ди лъэпкъыр,
Ди тхьэрыIуэр зэкъуэтыныгъэрщ.
Ауэ хьэщIэм едгъэшхын диIэщ,
Дэ цIыхуцIэ зыдохьэ.

Лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэн къарум лъыхъуэ зэпытт усакIуэр, и Iэгу пхъашэр псоми ятриубгъуэу. Гуауэм иригъэщIыкIыкI, Кязим дэтхэнэ зыми щIэгъэкъуэн хуэхъурт. Ди лъэпкъыр псэуху, Кязимрэ абы и усыгъэмрэ нэхъ къабзэ дадэхъуу декIуэкIынущ, ди цIыхугъэмрэ ди губзыгъагъэмрэ хэхъуэу, махуаем дызэрыубыдыфу икIи дыкъымыкIуэту. Псом нэхърэ нэхъыщхьэраци, Кязим ди гъусэху, зым адрейм и гукъеуэр нэхъ зыхэтщIыкIыу дыщытынущ.

ПщIым, гужьгъэжьым, зым адрейр лажьэ имыIэу игъэкъуэншэн хьэлым я щхьэ къыщаIэта нобэрей махуэр егъэлеяуэ Кязим хуэныкъуэщ.

«Дунейм сыт нэхъ Iэфlу тетыр, уи къуажэжь къыщыпщIихьэ гуарцэмэм нэхърэ», - жызыIа СакIуэм КъуэкIыпIэм гъуэгуанэ куэд щызэпичащ. Байрон ещхьу, ещIэкъуауэрэ, ар нэсащ Мэчэми, Мэдинэми, Багъэ.

Си лъакъуэ тхьэмыщкIэхэм шы къахэсщIыкIри,
Насып лъыхъуакIуэ сежьат, ауэ къысхуэгъуэтакъым.
Куэдрэ къэзущыхьащ, пэжыр зыщIыпIи щыIэкъым.
Си гужьеигъуэращ ныбжьэгъуу къысхуэнар.

Кязим и усыгъэр зэрыщыту телъыджэщ. Ауэ гъэщIэгъуэныр сыт жыпIэмэ, лъэпкъым ишэч бэлыхьхэм я гъуджэу зэрыщытым хуэдэу, абы зэи и гукъеуэр щхьэщызыхьи къыпхьыхъуакъым. А уIэгъэхэр псоми ялъэгъун хуэдэу, утыку къищIу аращ. Нахуэу плъагъу уIэгъэр нэхъысфIу мэкIыж, пэжкъэ? И усэ къэс арабскIа сатыр къримыхъэжыным хуэдэу итхырт. Мочэм щыIэу, мыхъужьынкIэ гузавэу сымаджэ щыхъуам, абы, уэсят папщIэу, Лыкъумэн-хьэжы мы сатырхэр къыхуигъэнауэ щытащ:

«Тхьэмыщкlэхэм я гур нэхущ», - жызыIа Кязим
Абыхэм гуауэу игъэвыр зыхищIэпащ, - жыпIэнщ.
Си нэхэм пшахъуэ пщтырыр щIзз хъуа нэужь,
Дыщыигъу абы, ар факъырэхэм тхьэ
яхуелъэIуу зэрыщытари.
ЩIэгъэкъуэн зимыIэм бийр и куэдщ, ныбжьэгъу
и машIэщ,
Алыхьми щыгъупщэжащ ахэр, жыпIэнщ.
Мэжэщlалlэм и ныбэр зэчырэхэми Iэятхэми
яхуэгъэнщIынукъым,
Си динэгъу, къыхуэлъыхъуэ лъэпкъым
нэплъэжыгъуэ.
Сэ хамэ щIыпIэм жыжьэу сыкъыщынэнщ,

Хамэ уэшхэм си кхъащхьэр ауфэнщIу,
Фэ, псэухэм, лъэпкъыр фхъумэ,
Иджыри къалъхунущ абы къыщхьэщыжьи.

ФIыуэ дыщIызэрылъагъун, дыщIызэрыIыгъын щхьэусыгъуэ димыIэу жызыIэхэм пэжыр ялъагъуркъым. Кязим зы цIыхум адрейм пщIэ щIыхуищI псори кхъызэрыкI фIэщхъуныгъэр пкъырытт. Кязим хуэдэ цIыхущ лъэпкъыр лъэпкъ зыщIыжри. Абы и телъэр уи нэгум къыщIэувэмэ - гукъанэ псори зыщыбгъэгъупщэу уэ пхуэдэр щIэбгъэлъэпIэн щхьэусыгъуэ улъыхъуэу апхуэдэщ, фIымрэ фIыгъуэмрэ зэрыщыIэм шэч къытумыхьэжу.

Сыфхуэарэзыщ, си Iыхьлыхэ,
ПщIэ зыхуэсщI си Iыхьлыхэ!
Си хэкум ис лъэпкъым -
ЩIалэгъуалэми нэхъыжьхэми.

Тхьэм Кязим тхуиIэта тхьэлъэIухэр къытлъигъэс, си лъэпкъ Iумахуэ! Ар къэмыхъункIэ Iэмал иIэкъым, ди псэм фIыуэ ильагъуэм дахуэсакъыфу зедгъэсэмэ. Кязим и псалъэр щызэхамых зэман къэхъун хуейкъым, сыту жыпIэмэ, абы «пэжым, гуащэм ещхьу, пщIэ хуищIыфу щытащ».

ДОДУЕВ Аскэр,
КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ.

● КъБР-м и Iэтащхьэм и кубок

«Автозапчасть»-м и зи чэзу лъагапIэ

Хабзэ зэрыхъууэ, Налшык и «Спартак» стадионым жэпуэгъуэм и 9-м щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и кубокыр къэхьыным ехьэлIа зэхьэзэхуэм и кIэух зэIущIэр. Абы щызэхуэзат Бахъсэн и «Автозапчасть»-мрэ «Тэрчымрэ».

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым пашэныгъэр щызыIыгъ команд зэкъуэшхэм кубокым и финалми щызэрихьэлIат. Абы нэсын папщIэ бахъсэндэсхэм зэкIэлъыкIуэжу хагъэщIат Псынэдахэ и «Родник»-р (3:0), Къэхъун и «Керт»-р (5:2, 5:1), Бабугент и «ЛогоВАЗ»-р (7:1, 5:2), Джылахъстэнйм и футболистхэр ефIэкIат Шэджэм и «Къундетейм» (2:0), «ХьэтIохъущыкъуейм» (1:1, 4:0), Прохладнэ и «Энергетик»-м (1:1, 2:1). Абы щыгъуэми «Автозапчасть»-р и хьэрхуэрэгъуэм дэни щытекIуамэ, «Тэрчым» ар къыщехьулIар нэгъуэщI щыпIэхэрат.

КъБР-м и Iэтащхьэм и кубокым и кIэух зэIущIэр хуабжьу гуащIэ хъуащ. Абы хухаха сыхьэтрэ ныкъуэми къыщIаГъуа дакъикъэ щэщIми лъэныкъуэхэм бжьыгъэр къахуэзIухакъым. Апхуэдэу щыхъуи, зэIущIэ нэужь пенальтихэм ещ хуей хъуащ. Метр пщыкIуэым и деж щыту Бахъсэн и «Автозапчасть»-м и футболистхэм нэхъ Iэзэу гъуэр хагъэщIащ икIи 5:4-уэ текIуэныгъэр зыIэрагъэхьэри, кубокыр яхьащ.

Хьэлэмэтраци, илъэситI ипэкIи мы командэхэр финалым щызэхуэзат. А лъэхъэнэм зэхьэзэхуэм зэреджэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и кубокт. 2017 гъэм Налшык и «Спартак» стадионым щызэхэта кIэух зэIущIэми «Автозапчасть»-м и «Тэрчыр» щыхирIэщIащ, абы щыгъуэм 3:2-уэ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Футбол

Зы тхьэмахуэм - саугъэт нэхъыщхьитI!

БлэкIа тхьэмахуэм къриубыдэу Бахъсэн и «Автозапчасть»-м ди республикэм футболымкIэ и гъэмахуэ саугъэт нэхъыщхьитIри зэщIикъуащ. Ялэщ1ыкIэ, бэрэжьейм, абы зыIэригъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и кубокыр, махуищ дэкIри, щэбэтым, КъБР-м и чемпион хуащ. Зэман кIэщIым саугъэт лъапIэхэр къалъысами, бахъсэндэсхэр абыхэм ящыщ дэтхэнэми гъатхэ пасэ лъандэрэ хуокIуэ.

КУЭД щIауэ гурыIуэгъуэт Бахъсэн и «Автозапчасть»-р мы гъэми Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпион зэрыхъунур. Абы и лъэщагъым зэхьэзэхуэм и кIыхьагъкIэ зыми щэч къытрыригъэхьакъым. Я хьэрхуэрэгъуэм худагъэкIа топхэм я куэдагъымкIи (141-рэ) кхъыдагъэкIэхэм я мащIагъымкIи (24-рэ) бахъсэндэсхэр псоми ефIэкIащ икIи иджыри къэс ирагъэкIуэкIа джэгугъуэ 27-м ящыщу 25-м щытекIуащ, зэ закъуэ фIэкIа кхъхамыгъэщIауэ. Дыщэ медалхэр «Автозапчасть»-м и футболистхэм ипэжыпIэкIэ зыIэрагъэхьэн папщIэ щэбэт кIуам Къэхъун щыIэу «Керт»-р зытрамыгъэкIуэн хуей къудейуэ арат. Абы иужькIэ зыри кхъалъэщIыхьэжьынутэкъым.

Республикэм и саугъэт нэхъыщхьитIым я зыр - КъБР-м и Iэтащхьэм и кубокыр - махуищ ипэкIэ зыIэрызыгъэхьа бахъсэндэсхэм я IутIыжьигъуэм пащащ. Абыхэм хэгъэрейхэр хагъащIэри, зэхьэзэхуэр иухыным иджыри джэгугъуищ иIэжу, чемпионыгъэр кхъхащ.

ЕтIуанэ, ещанэ увыпIэхэр зыубыдынур щызэхэкIынур нэхъ иужьыIуэкIащ. Абыхэм я нэхъыфIыр зыIэрагъэхьэну хущIокIу Прохладнэ и «Энергетик»-мрэ «Тэрчымрэ».

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм хагъэкIыну шынагъуэ зиIэ псори щэбэт кIуамрэ тхьэмахуэмрэ хагъэщIащ. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунымкIэ, «Нартанымрэ» «Акъбащымрэ» кърагъэкIуэтэхыным кьезыгъэлыфын щыIэжкъым. Абы щыгъуэми «ЛогоВАЗ»-мрэ «Псыкуэдымрэ» зэпэщIэуэ зэIущIэхэр зэхьэзэхуэр иуха иужькIэ къапэщылъу кхъыщIэкIынущ.

Гъащхьауэхэм я зэпеуэми куэд щIауэ псори щыгъуныIуэгъуэщ. Псыкуэдым и щIыхьыр ихъумэу нэгъабэ абы пашэныгъэр щызыубыда Бэчбо Мурат «Автозапчасть»-м хыхьа иужькIи Iэзагъыр фIэкIуэдакъым. Иужь илъэситIым Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионатым а щIалэм топищэм щIигъу щыдигъкIащ икIи абыкIэ хъыпэхъуфынур иджыпстуи и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэм яхэт «Малка»-м щыджэгу ШащIэ Беслъэнщ.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кIрикIуа бжьыгъэхэм. *Мис ахэр:* **«Энергетик»** (Прохладнэ) - **«Нартан»** (Нартан) - **9:1**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Малка»** (Малкэ) - **1:3**, **«Керт»** (Къэхъун) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **3:6**, **«Акъбащ»** (Акъбащ Iшхьэрэ) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **3:6**, **«Къундетей»** (Шэджэм) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **3:0**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Псыкуэд»** (Псыкуэд) - **3:1**, **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **1:2**, **«Налшык»** (Налшык) - **«ХьэтIохъущыкъуей»** (ХьэтIохъущыкъуей) - **3:2**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2019 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	27	25	1	1	141-24	76
2. «Энергетик»	27	21	2	4	105-31	65
3. «Тэрч»	27	21	2	4	76-34	65
4. «Спартак-Д»	27	18	2	7	69-39	56
5. «Керт»	27	15	4	8	92-51	49
6. «Ислъэмей»	27	11	7	9	58-60	40
7. «Малка»	27	11	5	11	77-71	38
8. «ХьэтIохъущыкъуей»	27	10	4	13	55-65	34
9. «Налшык»	26	9	5	12	56-62	32
10. «Къундетей»	27	9	4	14	47-73	31
9. «Родник»	26	9	3	14	43-70	30
12. «Нарт»	27	6	8	13	43-71	26
13. «Псыкуэд»	27	6	4	17	39-106	22
14. «ЛогоВАЗ»	27	5	6	16	48-84	21
15. «Нартан»	27	5	0	22	42-90	15
16. «Акъбащ»	27	4	3	20	40-100	15

Мечиев Кязим и усыгъэхэр

Уэс къос

Къосыр уэсыр, къос... Борэнщ.
Бейм и дежкIэ ар зэран?

Бейм игу уэсым иримыгъу -
Бейм и Iэщыр лъапIэ мэхъу.

Хэлъщ ар къауцыпIэ щабэм.
Хуабэщ унэр, щIыIэщ щIыбыр.

Щылъщ Iуэхуншэу махуэ кIыхьым,
Жэщыр хъуамэ - Iэфlщ и щIыхьыр.

ПщIантIэм жьыбгъэр къыщокъугъыр,
Бейм имыIэ гуныкъуэгъуэ.

КIэншэу ахъшэ ебж и фызым,
Щоуэ, йошри, зэзэмызэ.

И къуэр, къэкIуэжащ ефауи,
Илъщ гъуэлъыпIэм щIэуфауэ.

И пхъур, и щхьэр ежьри, щысщ -
Уэркъ псэлъыхъухэм йогупсыс...

Исхэр щIыIэ нобэ хэт?
Исхэр лIыщIэщ, унэIутщ.

Бейм телажьэу жэщи махуи,
Зымылъагъуэхэрщ дуней нэхур.

Дэсхэрщ зи сабий жьэгу щIыIэм,
Шхын е щатIэгъэн ямыIэу.

Бейм и псыхьэр псыхъуэм щогъу -
И бын тIэкIум игу ящIогъу...

Ещхьыркъабзэу ер я натIэщ
Iэхъуэ-шыхъуэу губгъуэм итым.

Бжьыр ятелъу гъащIэр зыхьхэм
ЗылI ишхын лэжьапщIэу къахькъым.

Тхьэусыхэ хъум къаХэкI -
Чыржын Iыхьэм занщIэу покI.

Сыт нэгъуэщI бейм къыпыпхын -
Утхьэмыщкlэм, лей къуихынщ.

Утхьэмыщкlэм, дунейм тет,
Гугъу уехьын фIэкI, узыхунт?..

Борэнышхуэщ, уэсыр къос.
IэпщIэлъапщIэр щIыIэм ес.

Бейм щымыIэ игу щIэуэ -
Джэдыгу хуабэщ, ныбэизщ!

* * *

Ди нэмысыр, КъурIэн лъапIэу,
Щызэтхьэныр щIым дэ тфIэфIт.
Куэду хабзэ, гущIэгъу, напэ
Къытщагъуэту дыпсэуфт.

Ди цIыхугъэр щхьэ, бгырысхэм,
ЩытфIэкIуэдрэ-тIэ дунейм?
ДещIыр зэман бзаджэм мысэ -
Къытщыхуащ дэ Тхьэм и ней.

ЩIалэгъуалэм щIэ нэхъыжьхэм
ХуамыщIыжу щIокI си нэгу.
ЩыщагъэкIыр
пщыжь-уэркъыжьхэр,
ЩхьэщIэ хуащIурэ, си хэку.

Зэщохьэжыр си жылэгъухэр -
Яку IэфIыгъэ дэмылъыж.
Ди хьэ дыдэхэр - солъагъур -
Зыгъэшхахэм яхуолъыж.

Ещхьщ, уи хабзэр щщыгъупщамэ,
Андезынпшэу пщIым нэмэз.
Гугъущ кIуэ гъуэгухэр Чэбэм, Щамым,
Гугъущ зепхьэнри уи нэмыс.

* * *

Фи унэмкIэ сыблокIыр
пщэдджыжьыпэу -
Упыхьэу уэ гущIыхьэу зэхьэох.
Сыносри, сымылъагъуу щIыр,
къурш лъапэм -
Уи макъым къыр къэсыхукIэ зэIэпах.

МэгуIэ къуршыр, къытхуэгуэващэу.
ЩымыIэ цIыху, дэр папщIэ
зигу хэмыщI.
Къалъытэ псоми дэ дызэхуэфащэу,
Уи адэмрэ уи дэлъхумрэ нэмыщI.

* * *

КъэкIуат си кIыщым уядэр
иджыблагъэ.
А хьэщIэр сэркIэ зыми хуэмыдэжт.
СелIалIэу и шым щхьэкIэ хуэсщIа
лъахъэм
ДыщIызгъурри, си гур незгъэхьащ
фи деж.

Хурехъу гъущI лъахъэр угъурлы
тхьэмадэм.
Сигу пщтырым уэ къыпхуимурадыр
фIыщ...

ЛIыжь бзаджэм иш мыдаIуэр
хуэубыдми,
Ухуэубыдыну уэ мыхъун си фIэщ!

* * *

ЗыхулъэкIхэм Алыхь дыдэри
я телъхэщ.
Схутемых, си лъэпкъ, сэ уи псэм
хьэзаб телъыр.
Тхьэ селъэIукIи, нэмэз сщIыкIи
зы къимыкI,
Сэ си псалъэр тхьэрыкъуэфми
зыпхымыкI.

* * *

Мывэм исеижыр - ди хадэщ,
КIыфIым хэту псэухэр - ди щIыхущ.
ЦIыхум я нэхъыкIэр - ди тепщэщ.
Iэщ зехуэну диIэр - жэм закъуэщ,
Ари тхуэмыIыгъыу гугъу дохь.
Сыту хьэлъэ дыдэ ди гъащIэр.

* * *

Гур уIэгъэм - мэуз, мафIэм ису.
Лей зытехьэм - ещIэ лейр зищIысыр.

Лъыр йожэх, чы уапIэщи, ди щIыфэм.
Ди Тхьэ, уэ уолъагъур нобэ дгъэвэыр.

Ди Тхьэ, нобэ дгъэвэыр уэ уолъагъур.
Дэнэ щыIэ атIэ уи захуагъэр?

ГъащIэр тхьыну ди щхьэр егухауэ?
Гузэвэгъуэ ди натIэ кхыптхар уэ?

Зэзыдзэкlар БИЦУ Анатолэщ.

Кязим.
Сурэтыр **Глуховцев Александр** *ищIащ. 1969 гъэ*

Кязим бгъэдэтщ Отаров Керимрэ Кулиев Къайсынрэ. *1940 гъэ*

Шыкъы къуажэм дэтщ Кязим и унэ-музей.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэхэу Отаров Керимрэ Кулиев Къайсынрэ Мечиевым и фэепльым деж щытщ. *Бабугент къуажэ. 1969 гъэ*

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Адыгэ шхыныгъуэхэр

Лэпс зэщІэт, мэлыл, тепхъэ и гъусэу

Абы щхьэкІэ мэлылыр яупщІатэ е зэпауд г 80 - 100 хъуэ. Псы щІыІэкІэ ятхьэщІри, шыуаным иралъхьэ. Абы псы щІыІэ щІакІэри, мафІэ иным тету зэ къытрагъэкІуалъэ, тхъурымбзэр къытрахыуэр. МафІэр щабэ ящІ, шыуаныщхьэр трапІэри, лыр ныкъузвэфІ хъуху ягъавз, зэзэмызэ тхъурымбзэр къытрахыуэр. ИтІанэ шыгъу хадзэ, зэпэплІимэ цІыкІуурэ упщІэта пхъы, шыбжий дэгу халъхъэ, шыуаныщхьэр трапІэжри, хьэзыр хъуху ягъавз мафІэ щабэм тету. Хьэзыр хъуа лэпсым бжьын гъэпыбжьэ традзэ, джадгын хэудэри, шыуаныщхьэр тепІауэ пэшхьэкубгъум деж щагъэт дакъикьитху-хы хэудизкІэ. Лыр лэпсым къыхахри, пІастэ дашх. Лэпс язам тепхъэ трапхэри, пщтыру ираф.

Тепхъэ зэращІыр:

Гъэдз хьэжыгъэ ухуэнщІам и кур къратхъури, абы шыгъу зыхэгъэткІуХьа псы хуабэ, джэдыкІэ уда ираКІэ, тхьэвыр быдэу ялпщ. Тхьэв пщам и щхьэм хьэжыгъэ траудэри, дакъикьэ тІощІ-тІощІрэ тхуКІэ щагъэт ар нэхъ щабэ хъун щхьэкІэ. Гъэдз хьэжыгъэ зытеуда Іэнэм хьэзыр хъуа тхьэвыр тралъхьэри, хупхъэкІэ яху, и Іуваг-гъыр см 1 - 1,5-рэ хьуэ. А тхьэв хуам тыкъыр щІыкІуу къыпачурэ ІэкІэ хъурей щІыкІу, щІыдэ щІыкІу хуэдизурэ, ягъэджэрэз, и Іэм дагъэ щахуэурэ. Лэкъум зэрагъажьэм хуэдзу тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. Чымчыркіэ къыхахыжурэ, шынакъым ираКІытэ.

Лэпс зэщІэтым халъхьэхэр (щІыхуитІ Іыхь):

Мэлылу - г 600

Лыр зэрагъэвэну псыуэ - г 1200-рэ

Пхъы укъэбзауэ - г 75-рэ

Шыбжий дэгу - г 100

Шыгъуу - узыхуейм хуэдизурэ

Тепхъэр къызыхащІыкІыр:

Гъэдз хьэжыгъэу - г 500

ДжадыкІэу - 2

Псыуэ - г 100

Шыгъуу - узыхуейм хуэдизурэ

Бжьын гъэлыбжьам халъхьэр:

Бжьыныщхьэу - г 80

Тхъуэу - г 100

Шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдизурэ.

Шатэкіэ гъэжьа джэдыщІэ

Джэдыщ1эр ятхьэщІри, Іыхьэ-Іыхьэурэ зэпкърах, яшыу, зэІащІэри, дакъикьи 5 - 10-кІэ щагъэт. Тебэм тхъу иралъхьэ, тІэкІу къагъэплъри, абы халъхьэ бжьыныщхьэ, щІыкІу-щІыкІуурэ упщІэтауэ бжьыныху, ахэр зэІащІэурэ ягъэлыбжьэ. Тхъуэплъ хъууэ зэрыхуежьэу, шыбжий плъыжь сыр хьэжа хагъэщащэ, зэІащІэри, джэдыл зэпкърыха гъэгъущар абы халъхьэ, тебащхьэр трапІэжри, зззэмызэ зэрагъэдзэкІыурэ, тхъуэплъ дахэ хъуху ягъажьэ. Абы и ужькІэ джэдылыр щІимыгъэнапэу шатэ Іув щІакІэри, зэ зэІащІэ, и щхьэр трапІэжри, мафІэ щІыкІум тету хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ. Хьэзыр зэрыхъуу, хьэкум къытрахыж, джэдгын трагъэщащэри, и щхьэр тепІауэ тІэкІу щагъэт. Хьэзыр хъуа ерыскъым шатэр щІэмывэщІауэ, тхъур къытежэбзыкІыу щытщ. Хуабжьу къэуат зыщІэлъ шхынигъэущ. ПІастэ хуабэ дашх.

Халъхьэхэр (щІыхуищ Іыхь):

Джэдыщ1эу - г 1000

Тхъуэу - г 100

Бжьыныщхьэу - г 100

Бжьыныхуу - г 50

Шатэу - г 500

Шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдизурэ.

КЪУБАТИЙ Борис.

● ФщІэуэ пІэрэ?

Шым ехьэлІа псалъэхэр

Адыгэм и цІэр дунейм къызэрыщацІыхухэм ящыщщ адыгэшыр. Ар ди лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ ныбжьэгъуфІ пэлъытэу къыдогъуэгурыкІуэ. Щыкэр я лъэпкъкІи, я ныбжькІи зэщхьащокІ, дэтхэнэми езым и цІэ иІэжу. Ди гуапэщ абы фыщыдгъэгъуэзэну.

Абыкъу - адыгэ шы лъэпкъыфІ.

Альп - къауруушхэу, жагъэшхуэ зиІэ, Нарт пшынальэхэм хэтщ.

Дунажьн - илъэсипІ зи ныбжь шыбз.

Дунан - илъэсипІ зы ныбжь хакІуэ.

Жэрыщты - адыгэш лъэпкъ.

Хуарэ - адыгэш къабзэ.

Шагъдий - адыгэшхэм я нэхъыфІ.

Къунажьн - илъэсищым ит шыбз мыгъасэ.

Щолэхъу - адыгэш нэхъыфІхэм ящыщщ.



Нарт Тхьэгъэлэдж. *Сурэтыр* **Бырсыр Абдулыхь** *ищІащ.*

Пасэрей тхьэдэми Іуэрыіуатэми щыгъунэжщ амазонкэкІэ зэджэ цІыхубз заузышхэм я хъыбар. Адыгэхэр абыхэм емыджжІэ еджэу щытащ.

ПАСЭРЕЙ тхакІуэхэр щыхьэт зэрытехьэхъэмкІэ, амазонкхэхэр Тэн (Дон) Іуфэ Іусащ, нэгъуэщІу жьпІэмэ, пасэрей адыгэ псэлъэхъэм, псалъэм папщІэ, мэузэгъэм, я лъэхэм исащ. Тхьдэм хихьэмащ Тыргъэтауэкіэ зэджэ мэузт гуащэм и цІи, и хъыбари. Тыргъэтауэ синд пащтыхь Джэгъэтей и щхьэгъусэт. Боспор пащтыхь Сатир Синд къэралыр зыІэщІилъхьэн мурад ищІащ, абы и жьІэм едаІуэри, синд пащтыхьым - Джэгъэтей - мэузтыпхъэр иригъэкІыжащ. Тыргъэтауэ мэузтхэм яхьихьэжри, дзэ зэриІэпэщащ, боспор пащтыхьымрэ синд пащтыхьымрэ ятеуэри, тІуми я дзэхэр зэхихьатащ. Сатир дунейм екІужьри, Тыргъэтауэ зауэр игъэувыІакъым. Сатир, иужькІэ пащтыхь хъуа Горгипп екІужри, Іэщэр игъэтІылъащ, къэралитІми, Синдикэмрэ Іуэрыіуатэми щыгъунэжщ амазонкэкІэ зэджэ цІыхубз заузышхэм я хъыбар. Адыгэхэр абыхэм емыджжІэ еджэу щытащ.

ПАСЭРЕЙ тхакІуэхэр щыхьэт зэрытехьэхъэмкІэ, амазонкхэхэр Тэн (Дон) Іуфэ Іусащ, нэгъуэщІу жьпІэмэ, пасэрей адыгэ псэлъэхъэм, псалъэм папщІэ, мэузтхэм, я лъэхэм исащ. Тхьдэм хихьэмащ Тыргъэтауэкіэ зэджэ мэузт гуащэм и цІи, и хъыбари. Тыргъэтауэ синд пащтыхь Джэгъэтей и щхьэгъусэт. Боспор пащтыхь Сатир Синд къэралыр зыІэщІилъхьэн мурад ищІащ, абы и жьІэм едаІуэри, синд пащтыхьым - Джэгъэтей - мэузтыпхъэр иригъэкІыжащ. Тыргъэтауэ мэузтхэм яхьихьэжри, дзэ зэриІэпэщащ, боспор пащтыхьымрэ синд пащтыхьымрэ ятеуэри, тІуми я дзэхэр зэхихьатащ. Сатир дунейм екІужьри, Тыргъэтауэ зауэр игъэувыІакъым. Сатир, иужькІэ пащтыхь хъуа Горгипп екІужри, Іэщэр игъэтІылъащ, къэралитІми, Синдикэмрэ

● Тхьдэ

Емыдж

Боспорымрэ, я лъабжьэр тІасхъэ ищІауэ... Аращ тхьдэр щыхьэт зытехьуэр.

Нарт эпосми куэдрэ ущрохьэлІэ щІыхьэ зауэшыхэм я хъыбар: зауэлІ фащэкІэ хуэпауэ, чынтыр зи ныкъуэкъуэгъу нартхэм ядозауэ ахэр, уеблэмэ шу пашэ хъуауэ долъагъу. Ар щхьхэт тохъуэ пасэрей тхакІуэхэм зи гугъу ящІ амазонкэхэм я хъыбархэр зэрымыльабжьэнщэм: нарт эпосми нэгъуэщІ пасэрей адыгэ Іуэрыіуатэхэми щыгъунэжщ абыхэм я хъыбар. Ар дэнэ къэна, илъэсищэм щІигъукІэ екІуэкІа Кавказ зауэм и тхьдэми ихьмащ цІыхухэу зауэлІхэм ядэшэсэ, уеблэмэ шу пашэ хъуа цІыхубз хахуэхэм я цІэ.

КЪАРТУЛ Хьисэ.

● Хъыбар

Ажэшу

Нысэр къызэрашэрэ зэманыфІи дэкІат, ауэ и гуащэмрэ тхьэмадэмрэ абы зэреджэн цІэ иджыри къагупсысатэкъым. Фызыжьыр лІыжьым ехъурджауэрт:

- А сымыгъуэ, ди напэр токІ, иджыри къэс нысэм цІэ фІэдбгъэщакъым!

Ауэ лІыжьыр гузавэртэкъым:

- Уэ, ныуэжь, абы щхьэкІэ умыгузавэ. Тхьэ соІуэ, абы езым цІэ зыфІищыжьынымэ.

Апхуэдэурэ, аргуэру зэман дэкІуэу, махуэм пщІанТІэм зыри дэмысу (лІыжьыр жыг хадэм щыІэбэрти, жыг лъабжьэм щІэтІысхьауэ жьы щхьбзэкІэ бауэрт, къэкІыгъэхэм къэхэплъмэз, пщІанТІэр илъагъуу), нысэм и зазкъуэ къыдэнат. А унагъуэм яІэт зы ажэ бзаджэжь. Ар нысэм иджыри щІагъуэу къесатэкъыми, пщІанТІэм Іэбэну къыщыдыхьэм, ажжьыр пырхъуэм дэсти, къелъэри, нысэм къыщыхьащ. Нысэри и ужьу къигъэгугъуэу къыщІэкІынти, зыкъиплъыхьщ-зынилпъыхьри, зыри Іэгъуэу щимыльагъум, ажжьым и бжьакъуитІыр къыИуфыдри, шым хуэдэу шэсащ. Ажжьым сыт хуэдэу зимыудами, нысэр къыхуедзыхакъым. Ар зыльэгъуа лІыжьым апхуэдизкІэ фІэтелъыджэ хъуати, зыхуэмыбудыу къэдыхьэшхащ. Нысэм ар зэрызэхихьу ажжьым къоплъэжри, щІолъэдэж. Ауэ кІасэ хъуат - езым цІэ зыфІищыжагъэхэт.

Фызыжьыр къыщыдыхьэжьым:

- Сыт иджы, лІыжь джаур, нысэ цІыкІум къыхуэбгъуэтар? - жи.

- Тхьэр си щхьэтщ, зы мастэкІэ си сэбэни си ягъи хэмылъ! Езыр мо ажжьым шэсри, пщІанТІэм щышуеящи, иджы цІэуэ Ажэшу фЫдоду! - жиІэри, лІыжьыр аргуэру къэдыхьэшхащ, илъэгъуар и нэгу къыщІыхьэжри.

Ар и къытенэкІэу, нысэм Ажэшу цІэр къыхуэнэри, псэуху зэрихьащ.

Зытхыжар **ШЭРДЖЭС Алийщ.**

● ГушыІэхэр

Емысыфхэр-щэ?

Зы беижь гуэрым и пщІанТІэм псыгуэн щригъэщІырти, ухуакІуэхэм захуигъаазэри жиІащ:

- И инагъкІэ зэхуэдизу псыгуэнищ дэфщІыхь пщІанТІэм. Зым псы хуабэ ивгъахьэу, адрейм псы щІыІэ ивгъахьэу, ещанэр нэщІу щывгъат.

- Псы хуабэрэ щІыІэрэ зэрытынуэхэр къыдгуроІуэ, ауэ зыри зэрымытымкІэ сыт пщІэнур? - жаІэри, ухуакІуэхэр щІэупщІащ.

Беижьым:

- Си хьэщІэхэм псым емысыф къаахкІмэ-щэ?

Сынэкіуэнукъым

ЩІалэ цІыкІур курыт еджапІэм къиклыжри, къыщІыхьэжауэ и адэ-анэм захуигъаазэ:

- Мамэ, папэ, пщэдей ди адэ-анэхэр тщІыгъуу дыкІуэн хуейуэ къыджаІащ, школыр зыхуей хуагъэзэжынущи, къывэчэнджэщыну.

- Сэ сынэкІуэнукъым, - жи адэм.

- Сыт щхьэкІэ? - къэуІэбжьащ щІалэ цІыкІур.

- Абы нэхърэ нэхъыфІщ гъэмахуэм Мысырым дыкІуэрэ зэрыунагъуэу зыдгъэпсэхумэ...

● Ухуейуэ къыджаІащ

Зыгъэтхахэр

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядолэжьэнымкІэ - 42-60-53; зыпшыгагъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

Хьэшыр Чылар теухуа тхылъыщІэ

«Япэу Іуащхьэмахуэ дэкІар: зэрыщытамрэ къагупсысамрэ» («Первовосходитель на Эльбрус: факты и вымысел») - араш фІищар Налшык дэт «Принт-Центр» Іуэхущ1апІэм Хьэшыр Аскэр хъыдыгъэкІа тхылъыщІэм.

«СИ ГУАПЭУ щыгъуэзэ фызощІ «Япэу Іуащхьэмахуэ дэкІар: зэрыщытамрэ къагупсысамрэ» тхылъыр къыдэкІауэ тыкуэнхэм къызэрыщІалъхьэмкІэ, - зыкъыщытхуеГъаэз Хьэшыр Аскэр хъыбарыщІэм теухуа тепльэгъуэ кІэщІым. - Абы къыщыгъэльэгъуащ Эммануэль къырихьэжьа экспедицэм мураду иІамрэ ар зэрекІуэкІа щыкІэмрэ. Тхылъым и япэ Іыхьэм Іуащхьэмахуэ зекІуэм хэтахэм я гукъэкІыжхэмрэ а экспедицэм епха аррив дэфтэрхэмрэ ихуащ. ЕтІуанэ Іыхьэм нэгъуэщІ бгъэдыхьэкІэ зиІэхэм я лжьыгъэхэми я гугъу щыдощІ, абыхэм я пэжьІпІэр зэрызэхэгъэкІыпхъэри Іэхум щыщу. Дызытепсэлъыхьыр къызыфІэІуэху псоми яхуэгъэзащ тхылъыр. Урысейм и альпинизмэм къежьапІэ хуэхъуа а Іуэху щхьэпэ дыдэм и тхыдэр зэзыгъэщІэну хуей дэтхэнэ зыми хуэщхьэпэнущ ар».

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, тхылъыр дунейм къытехьэным щхьэусыгъуэ хуэхъуар япэу Іуащхьэмахуэ дэкІа адыгэ щІалэ Хьэшыр Чылар къызыхэкІа лъэпкъым ириззадуэр куэд зэрыхъуэрщ. Губзыгъэу Іуэхум бгъэдыхьа Аскэр генерал Эммануэль и экспедицэм, 1829 гъэм екІуэкІам, теухуауэ щыІэ дэфтэрыжьи дэфтэрыщІи зэхуихьэсыжри, пори зэІІуу зы тхылъым иригъэзэгъащ. Абы нэхъыфІи пхуэщІэну къыщІэкІынкъым. Кавказ лъэпкъ псоми ягъэлъапІэ Іуащхьэмахуэ екъэлІа тхыдэ куэдамэ екІум лъэпкъхэр щыщІэпщІуэвэжьи щхьэусыгъуэ къыхэмыгъэжьынращ къохъулІэным я нэхъыфІыр.

«Дунейпсо тхыдэм щаІэуэрэдус щІэрыІуэ Тхьэбысым ... **2**. Уэс зытемыльэ щІы щхьэфэ тещтыкІа. **3**. Зауэ зэманым биим я лъэныкъуэ хуэ иІыкІ. **4**. Хьидэмыкъуэ лъэладжэ ... дзэщ. **6**. Купкъ зэрыльэ пхъэщхьэмыщхьэ цІыкІу, плъыжь-фЫщІафэу. **7**. Лъэпкъым щыщхьэгъуэгурыкІуэ тхыдэ жьэрыІуэтэ. **8**. Гу щэрхъым и зы Іыхьэ. **12**. Нарт къыбарэм къызэрызэщыжьыкІэ, Іэщхэм я тхьэ. **13**. ... псэуэ, пыІэ щыщІэркъым. **16**. Налшык и уэрамхэм яІэрэ. **23**. Литературэ тхыгъэ. **26**. ... цІыкІу бжьакъуэшхуэ. **27**. Къэбэрдей усакІуэ. **29**. Уеблэмэ - ..., уеджэмэ - дагу. **30**. Шыпэ гъуэжьым и фэр зи теплъэ. **31**. Яхуэмылажьэ бжьэхъушхуэ. **33**. Дэпхъум и щхьэгъусэ. **35**. Жэм лъакъуэ ... иукІрэ? **36**. Ефэндыхэм я нэхъыщхьэ, хеящІэ. **40**. Гъэм и зэман. **41**. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и ректору щыта ... Борис.

Кьехьу: **1**. Уэрэджы1аКІуэ, щыкуэдэ къуалэбзу. **18**. Бгы задэ щыгу, нэпкъ шынагъуэ. **20**. Куэсэ ... умыщІ. **24**. Уэрэдыжь, хьэбарыжь, псалъэжь куэд зэхуэзыдэсыжа уэрэджы1аКІуэ цІэрыІуэ. **25**. ГъавэрэзыкІуэ щыта, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхьжь ... Ахьмэд. **27**. ... махуэми, машинэ къутар зззгъэпцІыжащ. **28**. Течыгъуей, Іуэхур хуэм дыдэу фІэКІа зымылэжь. **32**. Нало Заур школым щыщІэсам зригъэгъуэта Іэщ1агъэ. **34**. Пьагэу зэтекІута гуэр. **37**. Теунэ Хьэчим, Сокъур Мусэрбий, Хьэкіуащэ Андрей, Кьэжэр Пётр сымэ я къуажэ. **38**. Гъэшхэкі. **39**. ЦІыхубз щыгъын.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Жэпуэгъуэм и 12-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1**. Монако. **5**. Бжьэдыгъу. **9**. Тут. **10**. Андгурэ. **13**. Хуарэ. **14**. Нэгъуд. **15**. Гъудэ. **16**. Бгы. **17**. Щхьэм. **21**. Хьэпс. **23**. Еру. **24**. Хьер. **25**. Джэд. **26**. Без. **27**. Гупкіэ. **30**. Сэмб. **32**. Къру. **33**. Япэ. **34**. Щимэ. **37**. Псым. **39**. Дыхьэрэн. **41**. Ауэ. **42**. Гъэмахуэ. **43**. Нэбзий.

Кьехьу: **1**. Мышщхупщ. **2**. Ныбэр. **3**. Куба. **4**. Дурэш. **6**. Жьауэ. **7**. Дапхъэ. **8**. Гъуанэдэс. **11**. Надэ. **12**. Ригэ. **18**. Хьэрып. **19**. Махъшэ. **20**. Аргъуей. **21**. Хьэдис. **22**. Пэжым. **27**. Гуащэгъагъ. **28**. Куржы. **29**. ІупщІэ. **31**. Бумэзей. **35**. Мэрем. **36**. Хьэиуэ. **38**. Сагъыз. **39**. Дэлъку. **40**. Ныджэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и кІэн къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астьэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**



Тедджэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщацІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехаэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьынымрэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдыгъэзаэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэмэныкІ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокуэ Марьяна,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индекс П 5894 ● Тираж 2.055 ● Заказ №944